



Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 615,000 DOLA NAN FON SEKOU POU
INONDASYON LAK ONTARIO A POU MINISIPALITE VIL KONTE NIAGARA YO**

***Ofri Newfane ak Barker Sibvansyon pou Retablisman ak Ranfòsman Enfratrikti yo
Kont Inondasyon Alavni***

***Y ap bay Lajan sa a nan kad Angajman 55 Milyon Dola Eta a pran pou Jefò
Retablisman***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo te akòde 615,083 dola nan fon Sekou Pou Inondasyon Lak Ontario a yo (Lake Ontario Flood Relief) bay vil Newfane ak vilaj Barker a ki nan Konte Niagara pou sipòte efò amenajman rezistans apre inondasyon ane pase a epi pou pwoteje kominote a kont dega tanpèt yo ka fè alavni. Eta a te pran angajman pou l bay 55 milyon dola pou efò retablisman pou ankadre pwopriyetè kay, ti biznis, ak enfrastrikti kominotè yo.

“Konte Niagara te viv inondasyon grav istorik sou bò rivaj Lak Ontario a ane pase, epi New York pral kontinye bay fanmi sa yo ki toujou nan pwosesis retablisman yo yon kout men”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pral kontinye ofri vrè sekou pou sila yo tanpèt yo te afekte yo, pandan finansman sa a pral ede rekonstwi Newfane ak Barker vin pi solid ak pi entelijan pase jamè avan.”

Yo te akòde Vil Newfane lan 65,693 dola nan fon Pwogram Sekou pou Inondasyon Lak Ontario a yo pou ranbouse minisipalite a pou depans dijans nesèsè yo te fè kòm konsekans evènman inondasyon Lak Ontario a. Fon yo itilize yo pral kouvri itilizasyon ekipman pou ponpe kanalizasyon ki sichaje ak dlo tanpèt yo, netwayaj kondwit ak kanivo drenaj dlo tanpèt yo ak acha sak sab yo te livre pou rezidan yo ki nan zòn komèsyal ak rezidansyèl ozalantou Olcott Harbor vil la yo. Depans tan sipleman tè pou anplwaye ijans yo enkli ladan yo tou.

Yo te akòde Newfane, ki gen yon popilasyon prèske 9,450 rezidan, 500,000 dola tou pou pwodwi yon etid sou fezabilite ak plan konstriksyon ki gen rapò ak atenyasyon inondasyon alavni pou Olcott Harbor la, ki se sèl pò dlo fon ki gen sou rivaj zòn sid Lak Ontario a ant Rivyè Niagara ak vil Rochester a. Olcott Harbor ansanm Newfane toude te viv anpil inondasyon, ewozyon, ak dega sou bò rivaj ak domaj estriktirèl pandan inondasyon Lak Ontario a an ete 2017 la.

Yo te akòde Vilaj Barker a 49,390 dola nan fon sekou ak retablisman pou inondasyon an yo pou yo konstwi yon mi pwoteksyon ki mezire 190 pye nan Pak Bisantnè (Bi-Centennial Park) vilaj la, ki te gen anpil ewozyon epi ki te sibi anpil domaj pandan evènman inondasyon Lak Ontario a an 2017 la. Akoz nivo dlo elve Lak Ontario yo pèsiste, zòn kòt pak la te vrèman degrade, sa ki te lakoz pèt ant 18 a 24 pous rivaj. Kondwit drenaj Vilaj la ak rasin pye bwa yo te vin ekspoze akoz ewozyon sa a. Finansman an pral pèmèt vilaj la alafwa repare rivaj la epi anpeche menm sityasyon an repwodwi sou zòn kòt la ankò.

“Aprè m te fin mache atravè kominote inonde yo pou m wè destriksyon yo ak pwòp je m, epi mwen te rankontre anpil pwopriyetè biznis ak pwopriyetè kay, mwen konnen enpak devastatè inondasyon Lak Ontario a genyen sou moun nan Konte Niagara a yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Yo te viv dè moman trè difisil pandan ane ki sot pase a, epi nou te kanpe kòt a kòt avèk yo pandan yo ap kontinye fè efò pou yo retabli yo. Angajman nou pran ap kontinye avèk dènye finansman sa a pou konstwi rezistans epi envesti nan amelyorasyon enfrastrikti enpòtan yo pou avni an.”

Aprè inondasyon Lak Ontario ak vwa maritim St. Lawrence, ki te koze gwo dega nan kay, biznis ak enfrastrikti lokal yo, Gouvènè Cuomo ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services) te kolabore avèk patnè onivo konte e onivo lokal yo pou kontwole nivo dlo yo e livre resous; sa te gen ladan milyon sak sab ak konstriksyon plizyè milye pye baraj tanporè. Okòmansman, yo te pran angajman bay rezidan, ti biznis, ak minisipalite ki te viktim inondasyon yo 45 milyon dola pou ede yo; apre sa yo te ajoute 5 milyon dola sibvansyon soti nan Pwogram Etablisman Leta ak Minisipalite (State and Municipal Facilities Program) pou ajoute sou èd yo te bay deja e ofri asistans finansye ki nesèsè pou efò retablisman yo.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal), te deklare, “Fon sa yo ofri zouti ak resous pou kominote Lak Ontario yo tankou Newfane ak Barker pou yo alafwa retabli yo apre inondasyon ane pase a, epi prepare pou pwoteje yo kont danje elevasyon dlo yo alavni. Sa se pa sèlman Gouvènè Cuomo k ap kenbe pwomès li te fè Newfane ak Barker, se yon vòt konfyans nan avni yo”.

Sipèvizè Vil Newfane Ian Timothy Horanburg te deklare, “Nan non pèp Newfane lan, nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo paske l te pran yon enterè konsa nan kominote nou an pou l pote sekou pou dega ki te fèt yo epi anvizyone pou anpeche oswa redwi dega evènman move tan ekstrèm yo ka lakoz alavni”.

Wm. Keith McNall, ki se Prezidan Kò Lejislatif Konte Niagara, te deklare, “Ranbousman sa y ap bay kominote bò rivaj lak la yo pou depans yo te fè pandan eta dijans ane pase a yo reprezante yon etap enpòtan nan angajman eta kontinye pran pou l ede rejyon nou an pote fado inondasyon Lak Ontario a lakoz. Pandan n ap prepare pou nivo dlo yo pi elve ane sa a, nou rekonesan anvè Gouvènè a ak Lejislati Eta a pou travay y ap fè pou sekirize fon vital sa yo”.

Majistra Vilaj Barker a Aaron Nellist te deklare, “Yo te tabli Pak Bisantnè a an 1910 ki se yon ti pyè presye rezidan ak vizitè zòn lan yo jwi. Aksè piblik a pak la te limite akoz

enstalasyon kloti tanporè yo te mete pou asire sekirite piblik la kont ewozyon rivaj la. Kidonk, Vilaj la vrèman rekonesan anvè Gouvènè a pou finansman sa a ki pral ofri yon rivaj estab pèmanan pou pwoteje pak la ak vizitè li yo pou anpil ane k ap vini ankò. San finansman sibvansyon sa Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, Pak Bisantnè Vilaj la te gendwa fèmen de fason pèmanan. Vilaj la kontan anpil pou reparasyon sa yo ki pral kòmanse nan kòmansman mwa davril la”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)